दिन—शुक्रवार दिनांक—22.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि तेईस मई के उन्नेसम रोजगार मेलाक अंतर्गत एकाबन हजार सँ बेसी युवा लोकनि के नियुक्ति पत्र देताह। प्रधानमंत्री एहि कार्यक्रम मे सबेरे एगारह बजे वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ नवनियुक्त युवा लोकनि के संबोधित सेहो करताह। रोजगार मेला देशभरिक सैंतालीस स्थान पर आयोजित कयल जायत। एकर अंतर्गत रेल, गृह, स्वास्थ्य, वित्तीय सेवा आ उच्च शिक्षा समेत विभिन्न केन्द्रीय मंत्रालय आ विभाग मे चयनित अभ्यर्थी लोकनि नियुक्ति पत्र प्राप्त कऽ सकताह।

---

राज्य सरकार भारतीय प्रशासनिक सेवाक कतेको वरिष्ठ अधिकारीक स्थानांतरण कयलक अछि। सामान्य प्रशासन विभाग द्वारा जारी अधिसूचनाक अनुसार दीपक कुमार सिंह के राज्यपालक प्रधान सचिव नियुक्त कयल गेल छनि। कुंदन कुमार गृह विभागक सचिव बनाओल गेल छथि, जखनकि डॉक्टर बी राजेन्दर के निगरानी विभागक अपर मुख्य सचिवक अतिरिक्त प्रभार देल गेल अछि। नीलेश रामचन्द्र देवरे बिहार राज्य आवास बोर्डक प्रबंध निदेशक बनाओल गेल छथि। अरविंद कुमार चौधरी के मंत्रिमंडल सचिवालय विभागक अपर मुख्य सचिव नियुक्त कयल गेल छनि। ओतहि, राजीव कुमार श्रीवास्तव वित्त विभागक अपर सचिव बनाओल गेलाह। सीमा त्रिपाठी के राजस्व आ भूमि सुधार विभागक सचिवक अतिरिक्त प्रभार देल गेल छनि। अरविंद कुमार वर्मा के उद्योग विभाग मे जखनकि इनायत खान के राजस्व एवं भूमि सुधार विभागक विशेष सचिवक अतिरिक्त प्रभार देल गेलनि।

---

राज्य सरकार मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत जीविका दीदी के भेट रहल सहायताक राशिक अगिला किस्त देबाक घोषणा कयलक अछि। ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार प्रेस वार्ता मे ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे इएह मास लाभार्थी महिला लोकनिक खाता मे बीस हजार टाकाक सहायता राशि पठाओल जायत। श्री कुमार कहलनि जे एहि

योजनाक उद्‌देश्य महिला लोकनि के स्वरोजगार सँ जोड़बाक आ हुनका आर्थिक रूप सँ सशक्त बनेबाक अछि।

———————————————————————————

शिक्षा विभाग सरकारी विद्यालय सभ पर नजरि राखबाक आ समस्या सभक समाधान लेल पटना मे एक केन्द्रीयकृत कमांड एंड कंट्रोल सेंटरक स्थापना कयलक अछि। एकर अंतर्गत सरकारी स्कूलक विद्यार्थी आ अभिभावक विद्यालय सँ संबंधित अपन शिकायत टोल फ्री नंबर एक चारि चारि एक सात आ एक आठ शून्य शून्य तीन चारि पांच चारि चारि एक सात पर कऽ सकैत छथि।

———————————————————————————

आगामी पच्चीस मई सँ एगारह जून धरि राजस्व आ भूमि सुधार विभाग दाखिल–खारिज, परिमार्जन, मापी समेत आनो काजक समीक्षा सप्ताह मे तीन दिन करत। विभागीय मंत्री दिलीप कुमार जायसवाल वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ जिला सभ मे आयोजित समीक्षा बैसार मे सम्मिलित हेताह।

———————————————————————————

दिल्लीक एक अदालत आईआरसीटीसी होटल घोटाला सँ संबंधित कथित धनशोधन मामिला में राष्ट्रीय जनता दल प्रमुख लालू प्रसाद यादव आ हुनक परिवारक सदस्य तथा आनो लोकक विरूद्ध आरोप निर्धारित करबाक निर्णय नओ जून धरि लेल टारि देलक अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक उत्तरी आ दक्षिणी क्षेत्र में मौसमक अलग–अलग मिजाज देखाइ पड़ि रहल अछि। एक दिस दक्षिण बिहार भीषण गर्मी आ लू के चपेट मे अछि। ओतहि, उत्तर बिहार मे वर्षा सँ लोक के गर्मी सँ राहत भेटल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार बिहार मे अधिकांश स्थान पर अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस के पार कऽ गेल अछि। राजधानी पटना मे अधिकतम तापमान चालीस दशमलव एक डिग्री सेल्सियस रहल। मौसम विभाग पटना, औरंगाबाद, कैमूर, रोहतास, अरवल, भोजपुर आ बक्सर मे लू चलबाक अलर्ट

जारी कयने अछि। ओतहि, पूर्वी चंपारण, पश्चिम चंपारण, सुपौल, किशनगंज, पूर्णियां समेत प्रदेशक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–पूर्व जिला मे किछु स्थान पर अन्हर–वर्षा हेबाक आशंका बनल अछि।

———————————————————————

कटिहार–न्यूजलपाईगुड़ी रेलखंड पर रेल लाइन दोहरीकरण काजक कारणे कतेको ट्रेनक परिचालन मे बदलाव कयल गेल अछि। कटिहार रेलमंडलक प्रवर मंडल रेल प्रबंधक अनूप कुमार सिंह जनौलनि जे दस जून सँ चौदह जून धरि तेरह जोड़ी सँ बेसी एक्सप्रेस आ पैसेंजर ट्रेन रद्द रहत। ओतहि, बारह जोड़ी ट्रेनक मार्ग सात जून सँ तेरह जून धरि बदलल गेल अछि।

———————————————————————

भारत–नेपाल सीमा क्षेत्र अंतर्गत मधुबनी जिलाक हरलाखी प्रखंडक हरिणे सीमा लऽग सरकारी भूमि पर अवैध कब्जा कयनिहारक विरूद्ध प्रशासन द्वारा प्राथमिकी दर्ज कऽ विधि–सम्मत कार्रवाई शुरू कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल